

Basa Sunda - Serdadu Kitab Suci - Soldiers Scriptures

Epesus 6:10-18

10 Pamungkas, dulur-dulur, aranjeun teh kudu kuat, tapi kuatna teh kudu lantaran muntang ka Al Masih anu kawasa.

11 Gunakeun sakabeh pakarang jurit ti Jehovah, supaya sanggup ngayonan akal tipu muslihat Iblis.

12 Sabab anu diayonan ku urang teh, lain papada mahluk tina daging jeung getih, tapi bangsa ge gedug-ge gedug, nu karawasa, nu ngagareugeuh karajaan-karajaan poek kiwari, sarta roh-roh jahat ti alam gaib.

13 Ku sabab kitu, gunakeun sakabeh pakarang ti Jehovah, supaya dina mangsa datang panarajang, aranjeun bisa tagen sarta bisa unggul.

14 Sing tarapti. Dangdanan jeung pakarang anu kudu dipake teh nya eta: Kayaktian lir sabukna sarta kaadilan, lir tameng dadana;

15 kaiklasan nyebankeun Injil-karukunan lir tarumpahna;

16 Iman urang, lir tamengna nu sanggup mareuman jamparing-jamparing seuneu si Jahat;

17 Kasalametan, lir balakutak panutup sirah; ari pedangna, nya eta Ruh, tegesna Pangandika Jehovah tea.

18 Salawasna kudu neneda, muntang kana panuyunna Ruh. Jadi, sing waspada salalawasna jeung ulah kendat-kendat neneda ka Jehovah pikeun kasalametan sakumna umat Mantenna.

Djaboer 91

1 Saha-saha noe dijoek di panjoempoetan noe Langkoeng Agoeng, pingenggoneun dina aoeb noe Langkoeng Kawasa.

2 Kaoela sedja oendjoekan ka Pangeran: Andjeun teh nja panjalindoengan nja benteng koering, Jehovah koering, noe koe koering diaudel!

3 Saestoenan maneh koe andjeunna tangtoe dilopoetkeun ti djiret toekang taheun, ti pageboeg noe mawa balahi.

4 Andjeunna bakal ngaoeban ka maneh koe djangdjangna; esto di djero djangdjangna maneh pinjalindoengeun; kajaktosanana ibarat kepeng djeung tameng.

- 5 Maneh moal sijeun-sijeun koe kareuwasan ti peuting; koe djamparing, noe njijeng ti beurang;**
- 6 'koe pageboeg, noe ngidgr di noe poek; koe sasalad, noe ngaroeksak tengah poe.**
- 7 Gigireun maneh roeboeh sareboe, djeung katoehoeun maneh roeboeh salaksa: ka maneh mah moal nepi.**
- 8 Tijap dilijeuk koe mata maneh; sarta koe maneh pikatendjoeun djalma daroraka meunang balesan.**
- 9 Saestoena andjeun, Pangeran! panjalindoengan koering. Noe Langkoeng Agoeng koe maneh geus didjijeun pangtjitjingan maneh.**
- 10 Moal maneh kataradjang katjilakaan, sarta balahi moal njampeurkeun ka himah maneh.**
- 11 Karana Pangeran bade nimbalan ka para malaikatna tina perkara maneh, soepaja pada ngaraksa ka maneh dina sakabeh djalan maneh.**
- 12 Bakal njarangga ka maneh, sangkan soekoe maneh oelah koengsi tigasroek kana batoe.**
- 13 Maneh bakal nintjakan singa djeung oraj; singa ngora djeung naga koe maneh bakal diidek-idek.**
- 14 Sapedah eta teh apet ka kami, noe matak koe kami rek dirahajoeweun; koe kami rek diteundeun di noe loehoer, sapedah nganjahokeun ka padjenengan kami.**
- 15 Ana sasambat ka kami, tangtoe koe kami dikaboel; mangsa keur kasoesahan, koe kami rek disareangan; koe kami tangtoe didjait, sarta dimoeljakeun.**
- 16 Eta teh koe kami rek dipiseubeuhan pandjaug oemoer, sarta rek disina nendjo kana kasalametan kami.**

Djaboer 18

- 1 Pikeun kokolot njanji. Damelan abdi Pangeran Dawoed, anoe ngoendjoekkeun ka Pangeran oengelna ijeu poepoedjian, keur mangsa andjeunna koe Pangeran geus dileupaskeun ti leungeun sakabeh moesoehna, sarta ti panangan Saoel.**
- 2 Ari pioendjoekna: Koering njaah pisan ka andjeun, Pangeran, kabedasau koering!**
- 3 Pangeran teh nja batoe tjadas, nja benteng koering, sarta noe ngarahajoeweun ka koering; Jehovah koering, batoe karang koering; di andjeunna koering njalindoeng; kepeng koering sarta tandoek**

kasalametan koering, koeta koering noe loehoer.

4 Koering sedja sasambat ka Pangeran, anoe lajak dipoedji; tangtoe koering disalametkeun ti moesoeh-moesoeh koering.

5 Koering tadina kabeulit koe talining maot, sarta waloenganing katiwasan ngareureuwas ka koering.

6 Eta koering karingkoes koe talining enggon noe paeh, kapapag koe ridjeting maot.

7 Dina keur soeker koering njeloek ka Pangeran, nja koering ngadjerit ka Jehovah koering; seug andjeunna ti djero kabahna ngamakboel kana sowara koering, panjambat koering ka pajoeneunana dongkap ka tjepilna.

8 Der boemi teh gendjlong, nja ojag; sarta dasar goenoeng-goenoeng aringgeung, nja garendjlong, sarehing andjeunna bendoe.

9 Ngeboel haseup tipangamboengna, sarta seuneu ti djero bahamna ngahakan, roehak raroehaj ti eta.

10 Seug andjeunna ngadengdekkeun langit, djoet loengsoer; sarta angkeub handapeun dampalna.

11 Noe dititihan koe andjeunna nja moekarabin, ber hiber; andjeunna ngale jong toenggang djangdjang angin.

12 Poek koe andjeunna didjadikeun dingdingna, aja sakoebung andjeunna minangka saoengna, medeming tjai, mendoenging langit.

13 Tina sorot pajoeneunana djol megana maradjoe, aja hoedjan boewah sarta roehak seuneu.

14 Doer Pangeran dina langit ngajakeun goeloedoeg, noe Langkoeng Agoeng moenggah ngagenta; aja hoedjan boewall sarta roehak seuneu.

15 Andjeunna iigaleupaskeun djamparingna, seug eta dipabalentjarkeun; nja kilat pirang-pirang, seug pada digoedjroedkeun.

16 Beh tempong dasaring tjai-tjai, sarta katara pademen djagat, tina panjeuseul andjeun, Pangeran! tina angining napas pangamboeng andjeun.

17 Pangeran ti manggoeng miwarang, kek koering ditjandak, dihandjatkeun ti tjai gede;

18 dileupaskeun ti moesoeh koering noe bedas, nja ti noe gareuleuh ka koering; karana pada kawasa batan koering.

19 Eta teh ngaronom ka koering keur poean koering balahi; tapi Pangeran djadi pangladjer koering.

20 Sarta koering dibidjilkeun ka noe lega; eta koering koe andjeunna didjait, sabab soekaeun ka koering.

21 Pangeran teh males ka koering noeroetkeun kabeneran koering; noeroetkeun kaberesihan leungeun koering moelangna ka koering.

- 22 Karana koering ngestikeun djalan Pangeran, sarta ten doraka moengkir ka Jehovah koering.**
- 23 Karana sadajana hoekoemna aja di hareupeun koering, sarta pikoekeohna koe koering hanteu disingkirkeun ti diri koering.**
- 24 Estoe koering teh satemenna di pajoeneun andjeunna, sarta koering ngaraksa maneh ti pidorakaeun koering.**
- 25 Mana Pangeran ka koering moelang noeroetkeun kabeneran koering, noeroetkeun kaberesihan leungeun koering di pajoeneun sotjana.**
- 26 Ka noe heman, andjeun nawiskeun manten heman; ka djalma satemenna, andjeun nawiskeun manten satemenna;**
- 27 ka noe beresih, andjeun nawiskeun manten beresih; demi ka noe bengkok mah, andjeun nawiskeun manten tibalik.**
- 28 Karanten oemat noe balangsak koe andjeun disalametkeun doepli panon loehoer mah koe andjeun dika-handapkeun.**
- 29 Sajaktosna, andjeun njaangkeun damar koering; Pangeran, Jehovah koering, noe nerangkeun poek koering.**
- 30 Karanten sareng andjeun koering ngadoepak barisan; koering disarengan Jehovah koering, ngaloentjatan pager tembok.**
- 31 Ari Jehovah teja sampoerna djalanna; pangandika Pangeran beunang ngabesot; andjeunna teh minangka kepeng ka sakoer noe njalindoeng ka andjeunna.**
- 32 Karana saha deui Jehovah, djaba ti Pangeran? djeung saha deui batoe karang, djaba ti Jehovah oerang?**
- 33 Koering koe Jehovah disaboekan kasantosaan, sarta andjeunna maparin djalan koering satemenna.**
- 34 Soekoe koering koe andjeunna disaroewakeun djeung mentjek, sarta koering koe andjeunna disina nangtoeng di enggon koering noe laloehoer.**
- 35 Ari leungeun koering koe andjeunna diwoeroek perang, moenggah leungeun koering bisa mentang gondewa tambaga.**
- 36 Malah andjeun ka koering maparin kepenging kasalametan andjeun, sareng panangan andjeun tengen nanggeuj ka koering; sarawoeh koe kasabaran andjeun koering diagongkeun.**
- 37 Koering ti handap koe andjeun didjembaran baris ngalengkah, sareng pigeulang soekoe koering hanteu tidjalikeuh.**
- 38 Koering ngoedag moesoeh-moesoeh koering, sareng dongkap ka kasoesoelna; geus seep, kakarek koering wangsoel.**
- 39 Koe koering diparinggeskeun, moenggah teu barisaeun menjat deui; pada ngadjopak ka handapeun soekoe koering.**

40 Karanten koering koe andjeun disabokean kasantosaan baris perang; noe ngamoesoeh ka koering koe andjeun pada ditoendoekkeun ka handapeun koering.

41 Ari satroe koering koe andjeun disina noekang ka koering, sangkan noe gareuleuh ka koering koe koering dibasmi.

42 Eta teh pada ngadjerit, tapi taja noe noeloeng; ngadjerit ka Pangeran, tapi hanteu diwalon.

43 Pek koe koering diboebokkeun sapertos peledoeg katebak angin; dikirabkeun sapertos leutaking loeloeroeng.

44 Koering koe andjeun dirahajoikeun ti sadajana padoe rahajat; toer didjadikeun loeloegeoe oerang kapir; bangsa noe tadina teu kaoeninga koe koering, seug ngawoela ka koering.

45 Tjeulina kakarek ngadenge bedja, seug bae naroeroet ka koering; djalma nagara lijan taraloek ka koering poera-poera.

46 Djalma nagara lijan lalempes, sarta goemeter bidjil ti koeta-koetana.

47 Pangeran teja djoemeneng; sarta sagala poedji ka Batoe karang koering; djenng sing diagoengkeun Jehovah kasalametan koering;

48 nja eta Jehovah, noe mangmaleskeun koering, sarta noe ngabawahkeun bangsa-bangsa ka handapeim koering;

49 noe ngarahajoikeun koering ti satroe-satroe koering; malahmalah koering koe andjeun dilohoerkeun ti sakoer noe ngamoesoeh ka

koering; eta koering koe andjeun dilopoetkeun ti djalma noe nganijaja.

50 Koe perkawis eta koering sedja hatoer noehoen ka andjeun di sagala

bangsa kapir, Pangeran! sareng sedja moedji ka padjenengan andjeun,

51 noe maparin kasalametan gede ka radjana, sareng midamel kaasihan kana lisahan andjeunna, nja ka Dawoed sareng ka

toeroenanana, langgeng salalamina.

**Pastor T. John Franklin
Church of Salvation, Healing, and Deliverance
COS-HAD.org**